

# 17

jiyè

**(Aprè sa Jezi di fanm nan :) Peche ou yo padonnen.**

Lik 7. 48

**Se konfyans ou nan Bondye ki sove ou.** Lik 7. 50

## **Asirans Sali**

*Jezi ap pale ak nou : li Lik 7. 36-50*

Simon se youn ki te renmen relijyon li, li te envite Jezi vin manje lakay li. Pandan li chita bò tab la pou l manje, nan vil sa a te gen yon fanm movèz vi, li antre nan kay la. Li pran kriye nan pye Jezi, pye Jezi te mouye ak dlo ki t ap soti nan je li. Fanm nan te montre l te repanti. Li siye pye Jezi ak cheve l, lè fini li bo pye l. Li vide yon ti boutèy pafen sou pye Jezi, sa ka etone w! Fanm nan pa t pwononse yon ti mo, men se te yon repantans sensè, li montre jan l renmen Kris e li t ap chache benefisye gras Sovè a.

Sa fanm nan fè a se li Senyè a te apresye. Poutan, Simon pa t dakò ak fanm nan! Fanm nan te pran konsyans de gwo fado peche l yo. Gwo dèt li ta dwe peye pou peche l yo. Li te rekonèt tò li e soumèt li nan pye Jezi, pou ka jwenn padon pou peche l yo (Sòm 51. 17). Anvan Jezi pale ak fanm nan Jezi te gen kèk bagay li te di Simon : li konnen sa ki t ap pase nan tèt Simon. Jezi di Simon : fanm sa a ou meprize a “depase” w anpil : nan repantans li, konfyans li ak lanmou li (li Matye 21. 31).

Nou ta ka tande non nou nan plas non Simon : “Mwen gen yon bagay pou m di ou”, ou menm tou. W ap konpare w ak lòt moun ou gen pi bon repitasyon pase yo? Ebyen! Sa ki enpòtan pou mwen, se lanmou moun gen pou mwen ak bòn aksyon l poze pou li pwouve ke l renmen toutbon vre.

Jezi di fanm nan : “Peche ou yo padonnen”. Eske nou chak konn tande yon deklarasyon konsa? Mwen kapab resewva l pou mwen menm lè m leve je m gade Senyè a, li te mouri sou bwa kalvè a, men l ap viv nan syèl la e l ap defann mwen devan Papa a.

# 17 juillet

**(Jésus dit à la femme : ) Tes péchés sont pardonnés.**

Luc 7. 48

**Ta foi t'a sauvée, va en paix.** Luc 7. 50

## **La certitude d'être sauvé**

*Jésus nous parle : lire Luc 7. 36-50*

Simon, un homme très religieux, a invité Jésus à sa table. Pendant le repas, une femme connue pour sa mauvaise vie entre dans la maison. Elle répand aux pieds de Jésus d'abondantes larmes – larmes de repentir, n'en doutons pas. Elle verse un vase plein de parfum à ses pieds, expression de l'honneur qu'elle lui porte. Scène émouvante ! Pas une parole, mais une repentance sincère et un amour qui répond à la grâce du Sauveur.

Ce qu'a fait cette femme, c'est cela que le Seigneur apprécie. Quel contraste avec l'attitude de Simon ! Cette femme a conscience de sa grande dette envers Dieu et elle vient à Jésus avec un cœur brisé et humilié (Psaume 51. 17). Avant de lui parler, le Seigneur a "quelque chose à dire" à Simon : il connaît ses pensées secrètes. Il lui explique que cette femme, que Simon regardait avec condescendance, l'avait en réalité "devancé" par sa repentance, sa foi et son amour (voir Matthieu 21. 31).

Nous pourrions entendre notre nom à la place de celui de Simon : "J'ai quelque chose à te dire", à toi aussi. Tu te compares peut-être avantageusement à d'autres qui n'ont pas aussi bonne réputation que toi, mais ce qui compte à mes yeux, c'est l'amour pour moi et les preuves qui m'en sont données.

Jésus dit à la femme : "Tes péchés sont pardonnés". Avons-nous chacun entendu une telle affirmation ? Je peux la recevoir pleinement pour moi, quand je regarde au Seigneur, mort sur la croix, mais vivant dans le ciel et intercédant en ma faveur.